# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–12 जुलाई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि रोजिगार मेला नौजवानन के ससक्त बनावे अउर विकसित भारत के निरमाण में उनकर सक्रिय सहजोग लिहले क सरकार के प्रतिबद्धता के दरसावे ला। प्रधानमंत्री आजु वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से अलगि–अलगि सरकारी विभागन में एक्यावन हजार से जियादे नौजवानन के नियुक्ति पत्र बंटले ओकरे बाद रोजिगार मेला के सम्बोधित करत रहलें। ई सोरहवां रोजिगार मेला देस भर में आजु सैंतालीस जगहिनि पर आयोजित कइल गइल। येह मौका पर प्रधानमंत्री कहलें कि सरकारी विभागन में नया नियुक्त नौजवान देस के निरमाण में खास भूमिका निभा रहल हवें।

**रोजगार मेलों के माध्यम से अब तक लाखों नौजवानों को भारत सरकार में परमानेंट जॉब मिल चुकी है। आज भी आप में से कई ने भारतीय रेल में अपने दायित्वों की शुरुआत की है कई साथी अब देश की सुरक्षा के भी प्रहरी बनेंगे, कुछ साथी हेल्प फॉर ऑल मिशन के सिपाही होंगे और बहुत से साथी भारत के औद्योगिक विकास को नई रफ्तार देंगे।**

प्रधानमंत्री कहलें कि स्टार्टअप देस के नौजवानन क क्षमता के बढ़ा रहल हौ। उहां के हलिये में मंजूर कइल गइल निजी क्षेत्र में रोजिगार से जुड़ल प्रोत्साहन योजनों क जिकिरि कइलें अउर कहलें कि येह पहल से साढ़े तीनि करोड़ रोजिगार सृजित कइले में मददि मिली।

प्रधानमंत्री देस में रक्षो उत्पादन क चरचा कइलें अउर कहलें कि देस रक्षा विनिरमाण में नया कीर्तिमान बना रहल हौ।

**लोकोमोटिव हो, रेल कोच हो, आज भारत इनका दुनिया के कई देशों में एक्सपोर्ट कर रहा है हमारा ऑटोमोबाइल सेक्टर भी अभूतपूर्व ग्रोथ कर रहा है। बीते 5 साल में ही इस सेक्टर में करीब 40 बिलियन डॉलर का एफडीआई आया है।**

येह मौका पर लखनऊ, झांसी अउर बनारसो में रोजिगार मेला के दौरान नया नियुक्त नौजवानन के नियुक्ति पत्र बांटल गइल। केंद्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी लखनऊ में, केंद्रीय सामाजिक न्याय अउर अधिकारिता राज्य मंत्री बीएल वर्मा झांसी में आ केंद्रीय स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण राज्य मंत्री अनुप्रिया पटेल बनारस में आयोजित मेला में हिस्सा लिहलिनि। येह दौरान प्रधाानमंत्री के सम्बोधन क सोझे प्रसारण कइल गइल।

**********

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु लखनऊ में भारतीय जनता पारटी की ओरि से आयोजित प्रबुद्धजन संवाद कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक बतवलें कि ई आयोजन पारटी के स्थानीय अगुआई अउर जनता के बिच्चे बातचीत के मजबूत करे बदे कइल गइल।

**********

लखनऊ में आजु ''भारत में पशु नस्लों का विकास'' बिसय पर एक दिन के कार्यसाला में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर केन्द्रीय पंचायती राज अउर मत्स्य पालन, पसुपालन अउर डेयरी मंत्री राजीव रंजन सिंह सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री प्रदेस में मिल्क प्रोड्यूसर के प्रोत्साहित कइले से जुड़ल एगो बड़हन अभियान के बढ़ावा देवे बदे भारत सरकार के प्रति अभार जतवलें। उहां के प्रदेस सरकार के उपलब्धियन क चरचा करत कहलीं कि येह समय चउदह लाख से बेसी गो–वंस क सरकार के गउसाला में चाहे फेर सरकार की ओरि से सहायता प्राप्त पसुपालन के लग्गे देखभाल कइल जा रहल हौ।

**********

श्री गुरु तेग बहादुर के सहीदी दिवस के तीनि सौ पचासवां बरिस पर लखनऊ से दिल्ली खातिर आजु बिसेस संदेस यात्रा रवाना भइल। ई यात्रा लखनऊ के नाका हिंडोला के श्री गुरु सिंह सभा से सुरू भइल हौ अउर दिल्ली के चांदनी चौक के गुरुद्वारा श्री शीशगंज साहिब ले जाई। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने कालिदास मार्ग के सरकारी आवास पर येह यात्रा क स्वागत कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री आवास पर कीर्तनो क आयोजन कइल गइल। मुख्यमंत्री येह मौका पर कहलें कि ई यात्रा गुरु तेग बहादुर के बलिदान के जीवंत बनवले रखले में खास भूमिका निभाई। ई आवे वाले पीढ़ि के सथहीं वर्तमान पीढ़ियो बदे एगो नया प्रेरणा हौ।

**********

पछिला महिन्ना झारखण्ड के नक्सली हमला में सहीद भइल सीआरपीएफ क सब इंस्पेक्टर सत्यवान सिंह सैंथवार क सरधांजलि सभा आजु कुशीनगर जिला के उनके पुस्तैनी गांव रामपुर सोहरौना में आयोजित कइल गइल। केन्द्रीय कौशल विकास अउर उद्यमिका अउर सिक्षा राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार चौधरी जयंत सिंह एहमें सामिल भइलें। उहां के येह मौका पर सहीद सत्यवान सिंह सैंथवार स्मृति द्वार क सिलान्यासो कइलीं। उहां के सहीद के परिजन से मुलाकाति कइलीं अउर उन्हें ढांढस बंधवले के बाद कहलीं कि उनकर बलिदान हमेसा देस भक्ति क प्रेरणा देत रही।

**********

प्रसार भारती आ हैंडबॉल एसोसिएशन ऑफ इंडिया राष्ट्रीय अउर अंतरराष्ट्रीय हैंडबॉल प्रतियोगिता के प्रसारण बदे तीनि बरिस के समझौता पर दस्खति कइले हौ। एहमें सज्जो हैण्डबॉल मैच डीडी स्पोर्ट्स, वेव्स ओटीटी अउर प्रसार भारती के अउर प्लेटफॉर्म से प्रसारित कइल जाई। प्रसार भारती क मुख्य कार्यकारी अधिकारी गौरव द्विवेदी अउर हैंडबॉल एसोसिएशन ऑफ इंडिया क कार्यकारी निदेसक आनन्देश्वर पांडेय काल्हि समझौता क आदान–प्रदान कइलें। प्रसार भारती क अध्यक्ष नवनीत सहगलो येह मौका पर मौजूद रहलें।

**********